10.- XAMXAMU MBOOLOO

Ñun ay jàŋgalekati taariix (istwaar) ak xamxamu suufsi (seografi) jàŋga lañu. Ki Carmen la tudd, man Pilar laa tudd Ñooy jàŋgal waa ekool bi. Njàŋg mi ñaari xaaj lañ ko xaaj.

Boo jeexale ñaari xaaj yooyu dañ lay jox ab diploom ngir nga mënë kontine ba Bak. Booy jàŋg Bak dinañula jàŋgal seografi, art ak istwaar.

Ci istwaar di nañ jàŋg jamano ya doomu aadama doon dund té mënulwoona bind ba sunu jamanoy tey. Dinañu jàŋg tamit seografi fisik, bu koomkoom ak politik.

Taxawleen ma leeralal leen at mu jot lingeen ci wara jàŋg. At mu jëkkmi seografi ngeen di jangue ak istwaar. Ci seografi dinañ leen jàŋgal suufsi, ndox yi , montaañ yi, akit jaww ji.Njàŋg moomu nak dañ koy jëmële ci Aragon ak Espaañ, di fiñiy dunde. Su seografi jeexee ñu dëgmël istwaarbi foofu dinañ gëstu nan la nit ñi doon dunde lu jëkk ñuy mënë bind ba ci yoonu dundinu xeet wuñuy wax romee yi. Lu loolu weyee, ñu gëstu suñu dundinu Espaañ bu jëkk.

Ci ñaareelu atmi dinañu kontine di jàŋga seografi wayé bii yoon askanwi lañuy jàŋg, gëstu ci tukki yiñiy tukki, likowaral ak limu mënë jur, bu ñu ci paree jàll ci aktiwite koomkoom yi. Ci istwaar dañuy jublu ci at mu diggdóomu mi, foofu dinañ fa jàŋg mboooleem aada yi nekk ci Espaañ, Yéen xam ngeen ni mooy aada kreceen, katolik, ak aada jullit.

Ci ñetteeli atmi lañuy jàŋg seografi fisik, foofu lañuy jàŋge kontinaa yi, seen ndox yi, seen montaañ yi, seen koomkoom, mbayum réew yu suqqaliku yi, mbayum réew yu ñàkk yi, isinyi ake sektëëru ñetteelbi dinañ jàŋg tamit mbiru askan lu demeni dëkk yi, jafejafey adduna leegibi, dinañ jàŋg tamit si Espaañ wuteek adayi, ak lu tax nitñi ëpënte ci gox yi.

Ci at bu mujjbi dinañu jàŋg istwaaru jamano leegi ak yi ci soppeeku. Dinañ jàŋg mbooleem yoonu dundin yi am ci adduna bi, dañuy def njàŋgum aada yu boolo, dinañ jàŋg itam mbir yu bees yi xew ci jamano ji yu deme niki yiñ fi feeñal, jeego ci gëstu yi, aar bi, mbir yiñu dekkëliaat, coppite gi amoon ca Faraans, coppite gi amoon ci isin yi. Buñ ci paree ñu jëm ci adduna leegi bi nettali xeex yi mësë am ci adduna, lu demeniki geer monjaal yi ba bañuy egsi ci Espaañu jamano jii

Ci njàŋg moomu dinañ jëfëndikoo jumtukaay yu bari: eleew bi warna am téere bu xamni moom lay indi bisbu jot ak yeneen juumtukaay yimuye àndal. Waaye ci biir bërëb biñiy liire amna fa ay juumtukaay ngir seetaan DVD wu aar ak yeneen yoo xamni di na leeral aada ak yoonu dundin ak ay téere yo xamni kunekk dinga mënë gëstu linga bëgg. Ci xeetu njàŋg mii bookkna lici gënë amsolo nga xam na ñoo jëfëndikoo kartu seografi. Dinañ jëfëndikoo tamit ay ordinatëër ngir nga am ay xibaar akit ngir nga mënë def liggéey yoo xamni dinañ ko waxtaan ci kalaas bi.
ELEEW: jàŋgalekatu istwaar bi dinañu leeralal liñuwara jàŋg jaareko ci ay deseŋ jàŋgal ñuko, defaralñu ay karte.buy explike loolu. Man dama koy bind mbind mu leer, ci wàllu cammooñ wi ci kaw kayit bi fa laay bind bisbi, ci wàllu ndeyjoor wi ci kaw kayit bi ma bind fa macceer bimay jàŋg. Mbind mi dafa wara leer nàññ, ngir sumakoy jàŋg duma am benn jafejafe. Suma paree deñc ko bubaax ngir mu baña jaxasoo.